

**Pa Prezidan
Henry B. Eyring**
Premye Konseye
nan Premye Prezidans lan



Rekonèt, Sonje, ak Bay remèsiman

Bondye mande pou nou ba l remèsiman pou kèlkeswa benediksyon nou resevwa nan men Li. Li fasil pou nou vin mekanik nan priyè gratitud nou yo, ap souvan repete menm pawòl yo men san entansyon pou nou bay remèsiman nou kòm yon kado soti nan kè nou pou Bondye. Nou dwe “bay Bondye remèsiman . . . nan Lespri a” (D&A 46:32) pou nou kapab santi rekonesans reyèl pou sa Bondye ba nou.

Kijan nou ka sonje menm yon pati nan tout sa Bondye fè pou nou? Apot Jan te ekri sa Sovè a te anseye nou osijè yon don souvni, ki vini atravè don Sentespri a: “Men Konsolatè a, ki se Sentespri a, Papa a ap voye nan non m nan, li va anseye nou tout bagay, e la fè nou sonje tout sa m te di nou” (Jan 14:26).

Sentespri a fè nou sonje sa Bondye anseye nou. Epi youn nan fason Bondye anseye nou se avèk benediksyon; epi konsa, si nou chwazi pou n egzèse lafwa, Sentespri a va fè nou sonje bonte Bondye.

Nou ka teste sa nan lapriyè jodia. Nou ka suiv kòmandman “Nou dwe remèsye Bondye nou an nan tout bagay” la(D&A 59:7).

Prezidan Ezra Taft Benson (1899–1994) te sigjere ke lapriyè banou opòtinite pou nou fè sa. Li te di: “Pwofèt Joseph te di yon fwa ke youn nan pi gwo peche Sen Dènye Jou yo komèt se peche engratitud. Mwen panse anpil nan nou pa t janm panse ak sa kòm yon gwo peche. Nan

priyè ak siplikasyon nou fè Senyè a, nou gen yon gwo tandans pou nou mande benediksyon adisyonèl. Men pafwa, m santi nou bezwen pase plis tan nan priyè nou yo ap ekspri rekonesans nou ak bay remèsiman pou benediksyon nou deja resevwa yo. Nou resevwa si anpil.”¹

Nou kapab fè yon eksperyans konsa avèk don Sentespri a jodia. Nou ka kòmanse yon priyè pèsonèl avèk remèsiman. Nou ka kòmanse konte benediksyon nou yo epi apresya fè yon ti poze. Si nou egzèse lafwa, avèk don Sentespri a, n ap vin wè ke souvni lòt benediksyon ap vini nan lespri nou. Si nou kòmanse ekspri rekonesans nou pou yo chak, priyè nou an kapab yon ti jan pi long ke dabitid. Souvni ap vini, e rekonesans ap vini tou.

Nou ka eseye menm bagay la lè n ap ekri nan jounal nou. Sentespri a toujou ede moun nan aspè sa a depi nan kòmansman tan yo. Nou sonje liv Moyiz la di: “Epi yo te konsève yon liv souvni, ladan l yo te anrejistre, nan langaj Adan, paske tout moun ki te rele non Bondye te gen dwa ekri ladan l avèk lespri enspirasyon” (Moyiz 6:5).

Prezidan Spencer W. Kimball (1895–1985) te deklare pwosesis ekri enspire sa a: “Moun ki kenbe yon liv souvni yo gen plis chans pou yo sonje Senyè a nan lavi yo chak jou. Jounal se yon mwayen pou nou konte benediksyon nou ak pou nou kite envantè benediksyon sa yo pou posterite nou.”²

Lè w kòmanse ekri, ou gen dwa mande tèt ou: “Kijan Bondye te beni mwen menm ak moun mwen yo jodia?” Si ou fè sa souvan epi avèk lafwa, w ap vin wè ke w sonje benediksyon yo. Epi pafwa w ap vin gen don ki vini nan lespri ou ke ou pa t remake pandan jounen an men ke kounyeya ou pral konnen ki se touch men Bondye nan lavi ou.

Mwen priye pou nou kapab fè yon efò san rete pou n rekonèt, sonje, ak bay remèsiman pou sa Papa nou ki nan Syèl la ak Sovè nou an fè e ap kontinye fè pou louvri chemen pou nou pou n retounen al jwenn yo.

NÒT

1. Ezra Taft Benson, *God, Family, Country: Our Three Great Loyalties* (1974), 199.
2. Spencer W. Kimball, “Listen to the Prophets,” *Ensign*, Me 1978, 77.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Nan mesaj li a, Prezidan Eyring envite nou pou n sonje bonte Papa nou ki nan Syèl la nan priyè nou. Pale avèk moun w ap anseye yo sou fason priye avèk rekonesans kapab ede nou rekonèt men Bondye nan lavi nou. Panse pou w mete ajenou pou priye avèk moun w ap anseye yo e sigjere pou moun k ap fè priyè a eksprime remèsiman sèlman.

Ou ta kapab etidye enpòtans rekonesans genyen tou nan li vèsè sa yo anplis de vèsè Prezidan Eyring mansyone yo: Som 100; Mozya 2:19–22; Alma 26:8; 34:38; Doktrin ak Alyans 59:21; 78:19; 136:28.

JÈN YO

Fè envantè

Prezidan Eyring site Prezidan Spencer W. Kimball (1895–1985) lè l di ke “jounal se yon mwayen pou nou konte benediksyon nou yo ak pou nou kite yon envantè sou benediksyon sa yo pou posterite nou.” Nan konferans jeneral Oktòb 2012 la, Prezidan Thomas S. Monson te rann temwayaj li sou ekri nan jounal. Li te pataje kèk eksperyans nan lavi li, li te ajoute: “Jounal chak jou mwen, ke m te kenbe pandan tout ane sa yo,

ede m jwenn kèk bagay espesifik mwen sèten m pa t ap kapab raple m otreman.” Li te konseye: “Fè yon envantè sou lavi nou epi espesyalman chèche benediksyon, ni gwo ni piti, nou te resevwa (Consider the Blessings,” *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2012, 86). Travay sou konsèy pwofèt sa yo bay yo epi fikse bi pou w ekri nan jounal ou.

TIMOUN

Plizyè fason pou di mèsi

*“Atravè tout mond lan nan fen jounen an,
Pitit Papa nou ki nan Syèl la yo mete ajenou
pou yo priye,
Yo chak ap di mèsi nan pwòp fason espesyal pa yo.”*

“Children All Over the World,” *Children’s Songbook*, 16.

Itilize yon kat jeyografik pou idantifye diferant peyi kote yo pale lang sa yo. Kèk nan langaj sa yo pale nan plis pase yon peyi!

1. gracias (Españòl)
2. malo (Tongan)
3. thank you (Anglè)
4. shukriyaa (Hindi)
5. spaseba (Risi)
6. arigatō (Japonè)
7. obrigado (Pòtigè)
8. asante (Swahili)
9. merci (Fransè)



Lafwa, Fanmi, Sekou

Antrèd

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifye sè ou yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa ou. Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Objektif antrèd nan Legliz la se pou ede manm yo vin otonòm, pou pran swen pòv ak moun ki nan bezwen, ak pou rann sèvis. Antrèd se yon pati santral nan travay Sosyete Sekou. Prezidan Henry B. Eyring, Premye Konseye nan Premye Prezidans lan, te anseye:

”Depi nan kòmansman tan yo [Senyè a] te founi mwayen pou disip Li yo ede. Li envite pitit li yo pou konsakre tan yo, mwayen yo, ak tèt yo pou potekole avèk li nan sèvi lòt moun. . . .

Li envite nou ak kòmande nou pou patisipe nan travay li pou soulaje moun ki nan bezwen yo. Nou fè alyans pou nou fè sa nan dlo batèm yo ak nan tanp sakre Bondye yo. Nou renouvle alyans la jou Dimanch lè nou pran Sentsèn.”¹

Sou direksyon evèk la oswa prezidan branch lan, dirijan lokal yo ede nan byennèt espirityèl ak tanporèl. Opòtinite pou sèvi yo souvan kòmanse avèk enstriktis nan fwaye k ap chèche enspirasyon

pou konnen kijan pou reponn ak bezwen chak sè y ap vizite yo.

Nan Ekriti yo

Lik 10:25–37; Jak 1:27; Mozya 4:26; 18:8–11; Doktrin ak Alyans 104:18

Nan Istwa Nou

9 Jen 1842, Pwofèt Joseph Smith te bay sè yo tach nan Sosyete Sekou pou yo “soulaje pòv yo” ak pou “sove nanm.”² Bi sa yo toujou rete pati santral Sosyete Sekou e yo ekri nan logo nou: “Charite pa janm peri” (1 Korentyen 13:8).

Senkyèm prezidan jeneral Sosyete Sekou a, Emmeline B. Wells, ak konseyè l yo te lanse deviz sa a an 1913 kòm yon rapèl sou prensip fondatè nou: “Nou deklare ke objektif nou se pou . . . [kenbe] fèm nan ansèyman enspire Pwofèt Joseph Smith te bay yo lè l te revele plan kote yo te bay fi yo pouvwa atravè prètriz la pou yo te gwoupe vin tounen òganizasyon apwopriye

nan bi pou administre malad yo, ede pòv yo, konsole moun ki granmoun yo, avèti moun ki enpridan yo, ak pote sekou bay òfelen yo.”³

Jodia Sosyete Sekou gen yon renome mondyal pandan ke sè yo ap montre charite, amou pi Kris la, pou pwochen yo (gade Mowoni 7:46–47).

NÒT

1. Henry B. Eyring, “Opportunities to Do Good,” *Liahona and Ensign*, Me 2011, 22.
2. Joseph Fielding Smith, nan *Filles dans mon royaume: L'histoire et l'oeuvre de la Société de Secours* (2011), 63.
3. *Filles dans mon royaume*, 63.

Kisa M Ka Fè?

1. Kijan m m ap prepare m pou pran swen tèt mwenn ak fanmi mwenn espirityèlman ak tanporèlman?
2. Kijan m ka suiv egzanp Sovè a lè m ede reponn bezwen sè m ap vizite yo?